

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

Unggal panalungtikan téh tangtu ngagunakeun pamekaran jeung métodeu. Pamarekan dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamekaran kualitatif. Nurutkeun Moléong (dina Arikunto, 2013, kc. 22), panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wujud kekecapan boh lisan boh tulisan. Ieu pamekaran dihartikeun salaku pamekaran anu ngagunakeun prosedur analisis. Ku kituna, hal anu ditalungtik téh ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangking ma'nana.

Métodeu asalna tina kecap *méthodos*, bahasa Latin, sedengkeun *méthodos* asal kecap tina *méta* jeung *hodos*. *Méta* hartina *menuju*, ngaliwatan, milu, sanggeus, sedengkeun *hodos* hartina jalan, cara, arah. Dina wangenan anu leuwih jembar métode minangka salaku cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas sarta léngkah-léngkah sistematis pikeun matotoskeun runtulan sabab jeung akibat sanggeusna (Ratna, 2020, kc. 34). Métodeu panalungtikan mangrupa salahiji cara pikeun meunangkeun hasil tina panalungtikan.


Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métodeu deskriptif analisis. Nurutkeun Ratna (2020, kc. 53), métodeu déskriptif analisis nyaéta métodeu nu dilakukeun ku cara ngadéskripsiyeun fakta-fakta sarta dituluykeun kana tahap nganalisis. Saméméh kana tahap nganalisis, hal anu kudu dilaksanakeun nyaéta ngadéskripsiyeun fakta-fakta nu aya dina objék nu rék dianalisis.

Métodeu déskriptif analisis dina ieu panalungtikan téh dilarapkeun pikeun ngadéskripsiyeun jeung nganalisis ajén sajarah dina rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana kalawan dianalisis ngagunakeun ulikan struktural.

#### **1.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaéta rencana atawa rancangan nu dijieuun ku nu nalungtik, mangrupa rarancang kagiatan nu rék dilaksanakeun (Arikunto, 2013, kc. 90). Anapon desain ieu panalungtikan téh kagambar sakumaha bagan dina kaca sanggeus ieu.

## **Bagan 3.1 Desain Panalungtikan**



### **1.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan**

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta serat kanayagan, rumpaka kawih, jeung audio kawih karya Wahyu Wibisana.

#### **1.2.1 Data**

Data mangrupa hal poko nu rék ditalungtik. Dina ieu panaluntikan, nu baris ditalungtik téh nyaéta rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.

#### **1.2.2 Sumber Data Panalungtikan**


Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana sumber data nu dihasilkeun. Upama

ngagunakeun téknik observasi, mangka sumber data tina panalungtikan nyaéta mangrupa barang, *gerak*, atawa salasahiji prosés. Dina ieu hal, panalungtik ngagunakeun téknik obsérvasi lantaran nu ditalungtik dina ieu panalungtikan téh nyaéta ajén sajarah anu nyangkaruk dina rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.

Anapon sumber datana nyaéta aya dina buku kumpulan kawih *Bungur Jalan ka Cianjur* jeung audio album *Guntur Galunggung* anu dijéntrékeun ieu di handap.

## 1) Buku

Judul Buku	: Bugur jalan ka Cianjur
Pangarang	: Wahyu Wibisana
Penerbit	: PT. Dunia Pustaka Jaya
Taun Terbit	: 2018
Jumlah Rumpaka	: 34 Rumpaka
ISBN	: 978-979-419-577-2




*Gambar 3.1 Kumpulan Rumpaka Kawih karya Wahyu Wibisana*

14) "Imut Malati"  
15) "Lain Layung Lain Langit"  
16) "Hantu Langit di Kutamaya"  
17) "Reumis Beureum dina Eurih"  
18) "Angin"  
19) "Kingkilaban"  
20) "Carita Peuting Tadi"  
21) "Pasini"  
22) "Gupay Pileuleuyan"  
23) "Jalan Nonggoh Cipaganti"  
24) "Kamuning"  
25) "Katumbiri Beureum Getih"  
26) "Ngagerina Sadaogri"

- Judul Kawih :
- 1) "Bulan Bandung Panineungan"
  - 2) "Malati di Gunung Guntur"
  - 3) "Pakuan Babandungan"
  - 4) "Rahiang Turun ti Gunung"
  - 5) "Putri Citraresmi"
  - 6) "Bungur Jalan ka Cianjur"
  - 7) "Kembang Tanjung Panineungan"
  - 8) "Kembang Balébat"
  - 9) "Haneut Poyan Hujan Poyan di Galunggung"
  - 10) "Angin Priangan"
  - 11) "Angkrék Japati"
  - 12) "Bulan téh Langlayangan Peuting"
  - 13) "Samoja"

- 27) “Nganti”
- 28) “Mulang”
- 29) “Kapinis di mana Mandi”
- 30) “Sangkuriang”
- 31) “Putri Ninun”
- 32) “Kalangkang di Cikamiri”
- 33) “Tukang Baso Tahu”
- 34) “Pileuleuyan”

## 2) Audio



*Gambar 3.2 Cover Kasét Album Guntur Galunggung*

Deui”, “Ngatrok”, “Manglé”, “Sumpah Suci”, jeung “Mulang”,

(sumber : <https://www.youtube.com/watch?v=B9XUFMNirvl&t=343s>).

Dumasar kana kabutuhuna panlungtikan sarta kana tinimbangan nu lianna, ku kituna tina sumber data nu dua téh diwatesan ngan lima kawih saluyu jeung kabutuhan panalungtikan. Anapon lagu nu rék ditalungtik, nyaéta opat rumpaka kawih nu aya dina kumpulan kawih *Bungur Jalan ka Cianjur* karya Wahyu Wibisana jeung hiji rumpaka kawih “Guntur Galunggung” dina album kawih *Guntur Galunggung*. Ieu di handap mangrupa judul kawih nu rék ditalungtik.

- (1) “Guntur Galunggung”
- (2) “Lain Layung Lain Langit”
- (3) “Hantu di Kutamaya”
- (4) “Bulan téh Langlayangan Peuting”
- (5) “Kembang Tanjung Panineungan”

Sumber anu ka dua nyaéta kasét pita kalawan lagu-laguna dipublikasi ulang kana youtube ku *Haté Sunda* . Eusi éta kasét pita téh nyaéta audio rékaman kawih-kawih sanggian Mang Koko. Kawih dina ieu audio aya dalapan judul, diantarana “Néangan”, “Guntur Galunggung”, “Bulan Dagoan”, “Wengi Énjing Tepang

### **1.3 Téhnik Ngumpulkeun Data**


Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 274) ), téhnik studi dokuméntasi nyaéta néangan data ngeunaan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, transkrip, buku, *surat kabar*, majalah, prasasti, notulén rapat, *lengger*, agénda, jsb.

Dumasar téhnik nu dipedar, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a) Nangtukeun objék nu ditalungtik nyaéta lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.
- b) Ngumpulkeun data nu rék ditalungtik nyaéta rumpaka jeung audio lima kawih karya Wahyu Wibisana.
- c) Nangtukeun tiori-tiori nu ngarajong kana panalungtikan;
- d) Nganalisis ajén sajarah dina lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.

### 1.3.1 Galur Panalungtikan

Galur panalungtikan anu dilaksanakeun ti mimiti nepi ka ahir panalungtikan nyaéta ieu di handap.



Bagan 3.2 ngajelaskeun galur dina ieu panalungtikan dimimitian ku wawacncara pikeun nangtukeun judul, objék panalungtikan, néangan tiori anu saluyu jeung panalungtikan, néangan tiori anu saluyu jeung panalungtian, néangan buku sumber, nganalisis data sarta dipungkas ku nyieun kacindekan.

### 1.3.2 Instrumén Panalungtian

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. kc. 192) instrumén nyaéta alat anu ngarojong dina panalungtikan kalawan dilarapkeun dina hiji métodeu. Instrumén ogé mangrupa fasilitas pikeun ngupulkeun data sangkan leuwih gampang sarta nyangking hasil nu hadé.

Kartu data minangka instrumén panalungtikan anu gunana pikeun ngumpulkeun data anu dianalisis jeung mindahkeun data nu geus aya. Ieu di handap mangrupa format kartu data.

### 1) Transkrip Data

**Tabél 3.1**  
**Data Transkrip Kawih**

No.	Judul Rumpaka	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan	Kode Data
1.				
2.				
3.				
4.				
5.				

### 2) Struktur Rumpaka

**Tabél 3.2**  
**Analisis Struktur Rumpaka**  
**(Diksi, Imaji, Kecap Kongkrit, Majas, Purwakanti, Téma, Nada, Rasa,  
jeung Amanat)**

No	Kode Data	Déskripsi	Cutatan
1.			
2.			
3.			
4.			
5.			

### 3) Analisis Ajén Sajarah

**Tabél 3.3**  
**Analisis Ajén Sajarah**

No.	Kode Data	Déskripsi Hubungan Rumpaka jeung Sajarah
1.		
2.		
3.		
4.		
5.		

## **1.4 Téhnik Analisis Data**

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 319) téhnik analisis data nyaéta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data nu dihasilkeun tina wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, ngadadarkeun kana unit-unit, ngalakukeun sintésa, nyusun kana pola, milih mana nu penting jeung nu bakal diteuleuman, sarta nyieun kacindekan sangkan babari dipikaharti ku sorangan atawa jalma lian. Analisis data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus kakumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar téks lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana, ajén sajarah dina lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.
- 3) Nganalisis data dumasar stuktur téks lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana, ajén sajarah dina lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.
- 4) Ngadéskripsikeun data luyu jeung udagan panalungtikan.
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan ajén sajarah dina lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.